

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Tujuan ieu panalungtikan nyaéta mikaweruh jeung ngadéskripsikeun tradisi babakti lemah cai di Kota Sukabumi, unsur sémiotik anu aya dina tradisi babakti lemah cai, ajén étnologis anu aya dina tradisi babakti lemah cai sarta rancangan bahan pangajaran bahasan budaya di SMA ngeunaan tradisi babakti lemah cai. Téori anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta: sémiotik Barthes, (1) tanda; (2) tilu jenis hubungan tanda (simbol, paradigma, jeung sintagma); (3) basa-wicara jeung budaya; jeung (4) signifikasi; ajén budaya Kluckhohn, hakékat hirup manusa (MH); hakékat karya manusa (MK); hakékat waktu manusa (MW); hakékat alam manusa (MA); jeung hakékat hubungan manusa (MM); Dina nyieun bahan ajar bahasan tradisi pikeun SMA/SMK/MA kelas XII, analisis bahan ajar Sudaryat, landasan paélmaan; landasan pedagogik; jeung landasan *keterbacaan*. Dina ieu panalungtikan digunakeun pamarekan kualitatif kalawan métode déskriptif. Panalungtikan kualitatif ditujukeun pikeun ngadéskripsikeun jeung nganalisis unsur-unsur sémiotik, ajén-ajén budaya, jeung rancangan bahan ajar bahasan tradisi dina runtuyan prak-prakan tradisi babakti lemah cai. Hasil tina ieu panalungtikan nyaéta mikaweruh jeung ngadéskripsikeun unsur-unsur sémiotik, ajén-ajén budaya, jeung rancangan bahan ajar bahasan tradisi dina runtuyan prak-prakan tradisi babakti lemah cai.

Tradisi babakti lemah cai mangrupa kabiasaan masarakat Cikundul Sukabumi anu dilaksanakeun ti baheula sacara turun-tumurun. Tradisi babakti lemah cai geus dilaksanakeun dina taun 1960. Ieu tradisi, dilaksanakeun minangka wujud dina miara alam sabudeureun Cikundul kususna ngaraksa sarta ngariksa cai walungan Cimandiri jeung hulu cai panas Cikundul. Runtuyan prak-prakan tradisi babakti lemah cai dibagi kana sababaraha kagiatan nyaéta tahap tatahar, tahap inti jeung tahap panutup. Dina tahap tatahar anu disiapkeun nyaéta nangtukeun waktu, nangtukeun tempat, nangtukeun palaku, nyiapkeun sasajén jeung tatahar latihan nabeuh tarawangsa sarta kacapi indung. Tahap inti dina prungna tradisi babakti lemah cai dibagi jadi sababaraha bagéan anu dipilampah ku para palaku. Bagéan

kahiji nyaéta mapatkeun sadu muhungsambari murulukeun menyan dina kukusan. Mapatkeun sadu muhung, dipirig ku sora tarawangsa jeung kacapi indung. Bagéan kadua nyaéta mapatkeun rajah bubukasambari murulukeun menyan dina kukusan. Mapatkeun rajah bubuka dipirig ku sora tarawangsa jeung kacapi indung. Bagéan kaopat nyaéta rekésan. Dina waktu keur prungna rekésan, suasanana kudu jempling jeung hidmat. Rekésan téh mangrupa kagiatan nepikeun paménta masarakat dina haténa séwang-séwangan tanpa nyoara. Bagéan kalima nyaéta ngariksa hulu cai Cikundul. Palaku dina ngariksa hulu cai panas Cikundul dimimitian ku Sandi Wijaya ngawurkeun kembang tujuh rupa kana sakuriling hulu cai panas. Sanggeus kitu, masarakat meresihan sakuriling hulu cai tina runtah jeung kokotor. Bagéan kagenep nyaéta ngariksa walungan Cimandiri. Masarakat meresihan sabudeureun walungan Cimandiri tina runtah, tatangkalan anu ragrag kana walungan jeung ngariksakeun kamalirna cai sangkan henteu kapendet. Dina raraga ngajaga beresihna cai walungan, masarakat melak tangkal caringin, haur konéng jeung awi gombang di sisi walungan. Bagéan pamungkas nyaéta nabeuh tarawangsa jeung kacapi indung. Kagiatan nabeuh tarawangsa jeung kacapi indung téh mangrupa kagiatan pamungkas tina runtuyan prak-prakan tradisi babakti lemah cai. Biasana dina nabeuh tarawangsa jeung kacapi indung, sawatara masarakat sok ngilu ngibing. Sabada runtuyan prak-prakan tradisi babakti lemah cai anggeus. Palaku jeung sababaraha masarakat ngilu ngibing sabari ngadéngékeun sora tarawangsa jeung kacapi indung. Sanggeus ngibing babarengan, palaku jeung masarakat anu kairut mah babarengan ngadahar sangu tumpeng jeung sawatara bungbuahan anu aya dina sasajén.

Unsur sémiotika kahiji, dumasar kana tanda dina tradisi babakti lemah cai kapaluruh dina sasajén, busana palaku, jeung alat musik tradisional. Tanda dina tradisi babakti lemah cai miboga maksud tulisan jeung maksud konsép. Sasajén minangka tanda anu nyoko kana kadaharan anu dihasilkeun tina hasil tatanén masarakat sabudeureun Cikundul. Ditilik tina tanda anu nuduhkeun konsep sasajén nyaéta susuguh anu disajikeun pikeun nyumponan sarat tali paranti. Unsur sémiotika kadua nyaéta hubungan simbol-paradigma, jeung sintagma. Sasajén jeung dibacakeunana sadu muhung, rajah babakti jeung rajah bubuka dina tradisi babakti lemah cai mangrupa simbol. Ieu simbol téh mangrupa tali paranti warisan

karuhun anu teu meunang direumpak ku masarakat dina prungna tradisi babakti lemah cai. Saupama dina prungna tradisi babakti aya simbol anu henteu dicumponan, masarakat percaya pasti aya mamala anu tumiba ka masarakat. Mamala anu tumiba ka masarakat biasana ayana caah déngdéng di walungan Cimandiri anu ngabalukarkeun nyilakakeun masarakat. Ku ayana mitos ti masarakat ngeunaan ngareumpak disadiakeun sasajén jeung henteu macakeun sadu muhung, rajah babakti sarta rajah bubuka dina prungna tradisi babakti bakal meunang mamala téh mangrupa paradigma. Hubungan simbol-paradigma dina tradisi babakti lemah cai di Cikundul Sukabumi nyaéta, simbol tina sasajén jeung dibacakeunana sadu muhung, rajah babakti jeung rajah bubuka jadi paradigma masarakat Cikundul. Mitos dina tradisi babakti lemah cai dipercaya ku masarakat sabudeureun Cikundul Sukabumi jadi paradigma. Ieu mitos, dicaritakeun ka generasi satuluyna sacara turun-tumurun. Sintagma dina tradisi babakti lemah cai nyaéta dina waktu anu geus diitung ngalaksanakeun runtuyan prak-prakan tradisi babakti lemah cai, sarta nyumponan tali paranti anu ditangtukeun. Saruntuyan tradisi babakti lemah cai mangrupa sintagma. Runtuyan tradisi babakti dina prungna, palaku, jeung tali paranti anu geus ngahiji sarta henteu bisa dipisahkeun. Unsur sémiotik katilu nyaéta basa-wicara jeung budaya dina tradisi babakti lemah cai nyaéta kasampak tina asal-muasal tradisi babakti. Asal-muasal tradisi babakti anu diwariskeun saraca turun-tumurun tina pantun Bogor ti aki Baju Rambéng. Mitos kudu ayana sasajén anu disuguhkeun ka karuhun dina unggal prungna tradisi babakti lemah cai. Saupama masarakat ngareumpak mitos, masarakat meunang mamala. Unsur sémiotika kaopat nyaéta signifikasi dina tradisi babakti lemah cai nya tanda dina sasajén, busana palaku, jeung alat musik tradisional. Sasajén, busana palaku jeung alat musik tradisional dina tradisi babakti lemah cai téh miboga maksud jeung ajén budaya anu luhung.

Ajén budaya dina tradisi babakti lemah cai, pakasaban masarakat lolobana tani, bisa nyumponanan pangabutuh pikeun ngalakonan hirup. Cai walungan Cimandiri mangrupa sumber utama dina ngahasilkeun tatanén sangkan hasil tanéna leuwih alus. Pangabutuh primer jeung sekunder masarakat dina nyumponan hirup bisa kacumponan tina hasil tatanén. Kitu ogé dina pangabutuh tersier, bisa kacumponan ku masarakat Cikundul Sukabumi, sabab masarakat bisa

lalajo pidangan tarawangsa jeung kacapi indung dina tradisi babakti lemah cai. Kadua, tradisi babakti lemah cai mangrupa hakékat karya manusa, sabab ieu tradisi diciptakeun ku manusa. Asal-usul tradisi babakti lemah cai anu ditulis tina carita pantun Bogor mangrupa hasil karya manusa dina generasi saméméhna. Ieu karya téh diaprésiiasi ku masarakat Cikundul Sukabumi sabab dina tradisi babakti lemah cai miboga mangpaat pikeun kamaslahatan masarakat. Katilu, hakékat waktu manusa dina waktu tatanén. Dina waktu sataun sakali, masarakat Cikundul gawé bareng jeung masarakat séjén pikeun ngariksa walungan Cimandiri jeung ngariksa cai panas Cikundul. Kaopat, hakékat alam manusa dina tradisi babakti lemah cai nyaéta kapaluruh dina ngariksa cai walungan Cimandiri sarta ngariksa cai hulu panas Cikundul. Alam miboga mangpaat dina lumangsungna kahirupan manusa. Cai walungan Cimandiri caina ngamalir ka sawah-sawah masarakat. Antukna, hasil tatanén masarakat mucekil. Kitu deui, cai panas Cikundul jadi déstinasi wisata Kota Sukabumi. Cai panas Cikundul miboga zat walirang anu gunana pikeun nyageurkeun kasakit kulit. Kalima, hakékat hubungan manusa dina tradisi babakti lemah cai kapaluruh tina kasadaran masarakat pikeun gawé bareng dina miara alam. Boh nu rumaja boh nu kolot gawé bareng dina ngariksa walungan Cimandiri. Ngariksa walungan Cimandiri téh ku cara masarakat gawé bareng dina ngaberesihan walungan tina runtah. Masarakat ogé gawé bareng dina raraga melakeun tatangkalan di sabudeureun sisi walungan. Dina ngariksa cai panas Cikundul masarakat gawé bareng meresihan kokotor jeung runtah anu aya di sabudeureun hulu cai panas.

Larapna hasil panalungtikan tradisi babakti lemah cai pikeun bahan pangajaran bahasan tradisi di SMA diasupkeun kana rancangan RPP kelas XII. Dumasar kana landasan paélmuan, bahan ajar bahasan tradisi saluyu jeung KIKD panagajarn basa Sunda di SMA kelas XII. Kamampuh kognitif siswa pikeun nganalisis, nyieun ngajawab ilmiah sarta ngarumuskeun hipotésis saluyu kana KD bahasan tradisi anu kapaluruh dina landasan pédagogik. Téks bahasan tradisi babakti lemah cai ogé ngarojong siswa leuwih babari mahan eusi bacaan kapaluruh tina landasan *keterbacaan*.

5.2 Saran

Panalungtikan ngeunaan tradisi babakti lemah cai, dipiharep bisa ngeuyeuban kajembaran pangaweruh ngeunaan unsur-unsur sémiotik jeung ajén-ajén budaya anu aya dina tradisi babakti lemah cai, anu dicangking tina bahan ajar bahasan tradisi di SMA. Ieu panalungtikan ditujukeun ka lembaga atikan, guru, siswa, masarakat, sarta dinas pariwisata Kota Sukabumi.

a. Lembaga Atikan

Lembaga atikan dipiharep bisa ngeuyeuban bahan ajar bahasan tradisi di sakola. Ieu bahan ajar bahasan tradisi dipiharep numuwuhkeun karakter siswa dina micinta tradisi Sunda. Ku kituna, tarékah pikeun ngamangpaatkeun bahan ajar bahasan tradisi diperlukeun.

b. Guru

Guru dipiharep bisa leuwih rancangé numuwuhkeun sumanget siswa diajar ngagunakeun bahan ajar bahasan tradisi. Dina raraga ngawanohkeun tradisi Sunda ka siswa, guru ngagunakeun bahan ajar bahasan tradisi anu saluyu jeung kamampuh kognitif siswa.

c. Siswa

Siswa dipiharep leuwih jembar mikanyaho tradisi Sunda. Siswa ogé bisa ngaronjatkeun kamampuhna dina nganalisis bahan ajar ngeunaan tradisi, méré pamadegan ilmiah ngeunaan tradisi, sarta ngilu aub dina lumangsungna tradisi. Salian ti éta, ieu hasil panalungtikan bisa ngeuyeuban pangaweruh siswa kana tradisi, unsur sémiotik, jeung ajén budaya.

d. Masarakat

Masarakat bisa leuwih ngaronjatkeun rasa reueus kana tradisi anu aya di sabudeureun padumukanana. Masarakat ogé bisa leuwih ngariksa sarta ngaraksa tradisi sangkan henteu kalindih ku tradisi dengeun;

e. Dinas Pariwisata

Dinas pariwisata leuwih ngawanohkeun tradisi babakti lemah cai ka masarakat Sukabumi. Dinas pariwisata gawé bareng jeung dinas kebudayaan ngarojong dilaksanakeunana tradisi babakti lemah cai ku cara nyadiakeun anggaran pikeun ieu kagiatan sangkan ngirut masarakat.